



Pou Piblikasyon Imedya: 9/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU SIPÒTE VIKTIM AK SIVIVAN KRIM YO

*Lejislasyon S.214A/A.2105A elaji opsyon kalifikasyon pou lajan dedomajman
viktim yo pou viktim ak sivivan krim*

*Retire egzijans ki mande pou viktim yo bay dokiman lapolis pou yo ka resevwa
dedomajman ak ogmante delè pou viktim yo depoze yon reklamasyon pou
dedomajman*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen Lejislasyon S.214A/A.2105A ki elaji opsyon kalifikasyon pou lajan dedomajman viktim yo pou viktim ak sivivan krim yo. Pwojè lwa a retire egzijans ki mande pou viktim yo bay dokiman lapolis pou yo ka kalifye pou dedomajman epi li ogmante delè pou viktim lan ka depoze yon reklamasyon pou dedomajman.

"Nou ap rann li pi fasil pou viktim ak sivivan krim yo jwenn aksè nan dedomajman ki disponib pou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan viktim yo ap rekipere yo, lejislasyon sa a pral sipòte Nouyòkè yo nan moman yo bezwen epi asire yo ka resevwa benefis yo merite yo".

Lejislasyon S.214A/A.2105A elaji opsyon kalifikasyon pou viktim ak sivivan krim pou jwenn aksè nan lajan dedomajman viktim lè l retire egzijans ki mande pou viktim yo fè rapò bay lapolis epi bay dokiman ki koresponn yo pou yo ka elijib pou resevwa dedomajman. Lejislasyon an pèmèt viktim yo bay tou lòt fòm prèv k ap montre gen yon krim ki kalifye ki te rive.

Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie. "Mwen fyè dèske mwen te sipòte lwa sa a, ki redui fòmalitye pou viktim ak sivivan krim yo epi ki ede asire yo pral jwenn resous yo gen dwa ak yo. Lè yon zak vyolans rive, viktim yo ak fanmi yo bezwen sipò nou, se pa fòmalitye administratif yo bezwen. Mwen remèsye patnè m nan Manm Asanble Demond Meeks ak Gouvènè Hochul paske yo kanpe ak viktim krim yo ak sivivan yo".

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Mèsi, Gouvènè Kathy Hochul, paske w te asire tout sivivan nan eta nou an jwenn aksè jis pou dedomajman viktim yo lè yo te siyen Lwa sou Aksè San Patipri pou Dedomajman Viktim yo. Lejislasyon sa a pral retire

baryè enjis viktim ak sivivan krim yo rankontre lè y ap eseye jwenn aksè nan resous enpòtan epi li pral elaji aksè nan lajan pou dedomajman viktim ke sivivan yo bezwen pou rebati lavi yo apre twomatis yo. Kòm sipòtè lejislasyon sa a nan Asanble a, se te yon privilèj pou m travay ansanm ak sipòtè Sena a Zellnor Myrie, defansè yo, ak sivivan yo pou fè lwa enpòtan sa a travèse liy final la".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)